

# BAB I BUBUKA

## 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Chaer & Agustina (2010, kc. 11) nyebutkeun yén basa téh mangrupa sistim tina komponén anu boga pola sarua tur bisa dikaédahkeun. Salasahiji komponén basa téh nyaéta ngawengku ‘kecap’. Kecap mangrupa satuan basa nu panggedéna dina tataran morfologi anu bisa madeg mandiri jeung boga makna. Nurutkeun Sudaryat, Prawirasumantri, & Yudibrata (2013, kc. 54), pikeun ngadegkeun harti tina hiji kecap tangtuna aya anu disebut pangwuwuh kecap. Pangwuwuh kecap mangrupa unsur-unsur anu diwuwuhkeun kana wangun dasar. Salasahiji pangwuwuh kecap téh, nyaéta rarangkén atawa afiks. Dina tata kecap basa Sunda, kecap anu maké rarangkén disebut kecap rundayan. Ari prosés ngararangkénanana disebut afiksasi.

Nurutkeun Anita, Ramadhiyanti, & Kurniawati (2014, kc. 105), studi ngeunaan morfologi téh jadi bahasan anu penting pikeun dipikaweruh ku siswa dina diajar basa. Mikaweruh morfologi téh teu ukur maham kana prosés ngawangun kecap, tapi sacara teu langsung bisa ngarojong kana kaparigelan basa dina komunikasi sacara lisan atawa tinulis. Salasahiji prosés morfologis téh nyaéta afiksasai, mangka saluyu jeung pamadegan Rochhayati, Waluyo, & Kurwidaria (2021, kc. 23-24) yén pikeun ngungkulan hal-hal anu méngpar tina komunikasi téh diperlukeun ayana pamahaman ngeunaan afiksasi. Ku ayana afiksasi, makna tina komunikasi téh bisa leuwih gampang ditepikeunana sarta nyingkahan tina salah paham.

Bahasan ngeunaan afiksasi raket patalina jeung wangun kecap rundayan. Kecap rundayan mangrupa wangun kecap anu mineng digunakeun ku siswa. Ku kituna, penting pikeun siswa bisa maham kana tata basa Sunda, hususna kecap rundayan. Saupama siswa teu maham kana pamakéan kecap rundayan nu bener mangka bisa ngabalukarkeun ayana harti nu béda tina adegan kecapna.

Cara ngagunakeun basa sacara lisan jeung tinulis tangtu waé béda. Kecap anu dikedalkeun ku omongan bisa waé kadéngéna mah sarua, padahal dina cara nulisna béda. Conto kecap *kawangun* jeung *ka hareup*. Kadéngéna mah éta dua kecap téh sarua diwuwuhan ku unsur *ka*. Padahal, dina nulisna mah béda. Dina

Sari Nursalam, 2023

KECAP RUNDAYAN DINA CARPON KARYA PINUNJUL PASANGGIRI NULIS CARPON PIKEUN  
ALTERNATIF BAHAN AJAR ASPÉK KABASAAN DI SMP (Ulukan Adegan, Fungsi, jeung Harti)  
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

kecap *kawangun*, posisi *ka* di dinya téh mangrupa rarangkén hareup (préfixs *ka-*). Ari dina kecap *ka hareup* mah, posisi *ka* di dinya téh mangrupa kecap pangantét (préposisi). Tapi, masih kénéh aya nu nulis rarangkén téh dipisah, tuluy nulis kecap pangantét téh di hijikeun jeung kecap dasarna. Sawatara jalma nganggap éta pasualan téh mangrupa hal anu lumrah. Kasalahan tinulis dina hiji tulisan jarang dipaliré salila maksud atawa informasi tina éta tulisan masih kaharti jeung bisa ditarima. Saupama éta hal tuluy dianggap lumrah, tangtu waé éta kalumrahan téh bisa jadi kasalahan anu tuluy dianggap bener, sanajan dina kaédah tinulis geus jéntré salahna.

Ragam basa nu digunakeun ku siswa téh di antarana aya ragam basa tinulis. Dina pangajaran nulis, siswa dilatih pikeun parigel ngalarapkeun sababaraha aspék kabasaan sangkan bisa ngahasilkeun tulisan anu hadé (Kristi & Sugirin, 2016, kc. 74). Dina ieu hal, pamakéan kecap rundayan dina ragam tinulis tangtu bakal leuwih katitén. Ari ragam tinulis di antarana aya dina wangun karya sastra, salasihijina carpon (carita pondok).

Dumasar kana Kurikulum Tingkat Daerah Muatan Lokal Bahasa Sunda 2013 Revisi 2017, carita pondok téh jadi salasihiji matéri di kelas VIII SMP/satata. Ieu matéri aya dina KD 3.7: *Memahami dan mengidentifikasi struktur, unsur, dan aspek kebahasaan carita pondok* jeung KD 4.7: *Menanggapi nilai-nilai carita pondok dengan memperhatikan unsur-unsur intrinsik, struktur teks, serta aspek kebahasaan*. Saupama dipatalikeun jeung kecap rundayan, bahasan kecap rundayan téh bisa asup kana KD 3.7 dina wengkuan aspék kabasaan. Tina rupaning bahan ajar nu geus aya, matéri kecap rundayan biasana dibahas sacara nyicil (per-hiji rarangkén), biasana dibahasna ogé ukur basajan. Conto tata tulis kecap rundayan anu salah gé jarang dipedar dina matéri.

Kiwari, geus loba lembaga atawa komunitas anu ngayakeun pasanggiri nulis karya sastra pikeun ngawadahan tur mekarkeun kaparigelan basa. Dina salasihiji kagiatan nu diayakeun ku MGMP Basa Sunda Tingkat SMP/MTs Kota Bandung, nyaéta Pasanggiri Basa, Sastra, jeung Aksara Sunda, aya mata lomba Nulis Carpon. Ieu pasanggiri téh diiluan ku siswa/i SMP/MTs sa-Kota Bandung. Aya rupa-rupa aspék nu dipeunteun dina pasanggiri Nulis Carpon, di antarana waé tata basa atawa éjahan. Éta aspék téh bisa jadi salasihiji indikator penilaian girang

Sari Nursalam, 2023

**KECAP RUNDAYAN DINA CARPON KARYA PINUNJUL PASANGGIRI NULIS CARPON PIKEUN ALTERNATIF BAHAN AJAR ASPÉK KABASAAN DI SMP (Ulukan Adegan, Fungsi, jeung Harti)**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

pangajén. Sacara kontéks pasanggiri, tangtuna patandang anu jadi wawakil sakola téh mangrupa jalma pinilih—biasana anu dianggap boga kaparigelan leuwih alus ti batan nu séjén. Kitu deui dina Pasanggiri Nulis Carpon nu diayakeun ku MGMP Basa Sunda Tingkat Kota Bandung, anu jadi pinunjul dina éta pasanggiri tangtuna mangrupa patandang anu miboga peunteun atawa kualifikasi leuwih hadé, hasil karyana bisa dijadikeun conto pikeun siswa nu séjén.

Tina pedaran di luhur nuduhkeun ayana urgénsi tata basa dina wangun kecap rundayan anu bisa dipaluruh dina karya pinunjul pasanggiri mangrupa carpon. Éta carpon anu diniléy boga kualifikasi hadé téh bisa dijadikeun bahan ajar nu nyoko kana matéri aspék kabasaanana. Ku kituna, ieu panalungtikan museur kana niténan karya pinunjul pasanggiri Nulis Carpon anu nyoko kana kecap rundayan.

Ieu pasualan bisa dilarapkeun kana pamarekan kualitatif kalawan métode déskriptif. Dina carpon karya pinunjul téh bisa diguar adegan kecap rundayan anu dipaké, kumaha fungsi jeung hartina, tuluy kumaha alternatif bahan ajar aspék kabasaan dina pangajaran aprésiasi carpon di SMP.

Pakait jeung panalungtikan ngeunaan kecap rundayan, aya panalungtikan anu geus dilaksanakeun saméméhna sabudeur prosés morfologis, di antarana skripsi anu judulna “Rarangkén Barung jeung Gabung dina Novél *Bentang Hariring* karya Dian Hendrayana (Ulikan Struktur, Fungsi, jeung Harti)” karangan Siti Komala taun 2015. Bédana panalungtikan nu dilaksanakeun ku panulis jeung panalungtikan saméméhna, nyaéta upama anu saméméhna nalungtik rarangkén barung jeung gabung, ari anu digarap ku panulis mah sakabéh rarangkén. Salian ti éta, dina panalungtikan panulis mah dipedar ogé kumaha alternatif bahan ajar aspék kabasaan kecap rundayanana.

Ku kituna, panalungtikan anu judulna “Kecap Rundayan dina Carpon Karya Pinunjul Pasanggiri Nulis Carpon pikeun Alternatif Bahan Ajar Aspék Kabasaan di SMP (Ulikan Adegan, Fungsi, jeung Harti)” perlu dilaksanakeun.

## 1.2 Rumusan Masalah

Tina kasang tukang di luhur, idéntifikasi masalah nu nyampak:

- 1) wangun tata tulis afiksasi jadi hal nu penting dina aspék kabasaan widang morfologi; jeung

Sari Nursalam, 2023

**KECAP RUNDAYAN DINA CARPON KARYA PINUNJUL PASANGGIRI NULIS CARPON PIKEUN ALTERNATIF BAHAN AJAR ASPÉK KABASAAN DI SMP (Ulikan Adegan, Fungsi, jeung Harti)**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 2) pentingna pangaweruh siswa kana tata kecap basa Sunda, hususna kecap rundayan.

Dumasar kasang tukang jeung idéntifikasi masalah, di handap ieu rumusan masalah dina ieu panalungtikan.

- 1) Kumaha adegan kecap rundayan dina carpon karya pinunjul Pasanggiri Nulis Carpon?
- 2) Kumaha fungsi ngararangkénan dina carpon karya pinunjul Pasanggiri Nulis Carpon?
- 3) Kumaha harti ngararangkénan dina carpon karya pinunjul Pasanggiri Nulis Carpon?
- 4) Kumaha alternatif bahan ajar aspék kabasaan kecap rundayan dina pangajaran Aprésiasi Carpon di SMP?

### **1.3 Tujuan Panalungtikan**

#### **1.3.1 Tujuan Umum**

Ieu panalungtikan boga tujuan umum pikeun ngadéskripsikeun salasahiji wangun kecap anu aya dina karya sastra hasil pasanggiri.

#### **1.3.2 Tujuan Husus**

Ieu panalungtikan boga tujuan husus, nyaéta maluruh jeung ngadéskripsikeun lima hal:

- 1) adegan kecap rundayan dina carpon karya pinunjul Pasanggiri Nulis Carpon;
- 2) fungsi ngararangkénan dina carpon karya pinunjul Pasanggiri Nulis Carpon;
- 3) harti ngararangkénan dina carpon karya pinunjul Pasanggiri Nulis Carpon; jeung
- 4) alternatif bahan ajar aspék kabasaan kecap rundayan dina pangajaran Aprésiasi Carpon di SMP.

### **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

#### **1.4.1 Mangpaat Téorétis**

Sacara téorétis, mangpaat ieu panalungtikan téh bisa ngajembarkeun pangaweruh nu maca dina élmu Linguistik, utamana morfologi. Ari sababna, ieu

Sari Nursalam, 2023

*KECAP RUNDAYAN DINA CARPON KARYA PINUNJUL PASANGGIRI NULIS CARPON PIKEUN ALTERNATIF BAHAN AJAR ASPÉK KABASAAN DI SMP (Ulukan Adegan, Fungsi, jeung Harti)*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

panalungtikan téh pikeun ngadéskripsikeun kecap rundayan basa Sunda dina téks carpon karya pinujul pasanggiri.

#### 1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, mangpaat ieu panalungtikan téh, di antarana waé:

- 1) Pikeun nu nulis, hasil tina ieu panalungtikan bisa dipaké pikeun ngaronjatkeun karep dina niténan tata tulis basa.
- 2) Pikeun nu maca, hasil tina ieu panalungtikan bisa dipaké pikeun jadi pieunteungeun jalma réa kana pentingna kasadaran merhatikeun tata kecap tinulis anu bener.
- 3) Pikeun peserta didik (siswa/i), hasil tina ieu panalungtikan bisa dipaké pikeun jadi évaluasi sangkan leuwih niténan tata tulis, hususna dina nulis kecap rundayan.
- 4) Pikeun pangatik (guru), hasil tina ieu panalungtikan bisa dipaké pikeun jadi référénsi guru dina nepikeun bahan ajar ka siswa/i.

#### 1.5 Raraga Nulis

Bab I Bubuka medar kasang tukang masalah, idéntifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan (tujuan umum jeung tujuan husus), mangpaat panalungtikan (mangpaat téorétis jeung mangpaat praktis), jeung raraga nulis.

Bab II Ulikan Téori medar ulikan téori ngeunaan kecap rundayan nu ngawengku adegan, fungsi, jeung hartina. Tuluy, ulikan téori ngeunaan bahan ajar. Salian ti éta, dipedar ogé ngeunaan panalungtikan saméméhna jeung raraga mikir.

Bab III Méthode Panalungtikan medar desain panalungtikan, sumber data panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, jeung téhnik ngolah data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran medar hasil data nu geus diolah, tuluy dibahas dumasar rumusan masalah jeung ulikan téori.

Bab V Panutup medar kacindekan, implikasi, jeung rékoméndasi tina hasil panalungtikan.